*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. *Dis tract no be for sale. Make you please write tell us for our website if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023



# Identity Wey New

Wetin pesin dey do everi time go become habit, and na di habit go form di pesin character. Plenti pipo wan dem life to change. Dem no wan make oda pipo connect dem wit di bad character wey dem don get. Make we take for example: Pesin fit no wan continue to dey drink any-how, to dey take gbana and oda drug, to dey tok lie, to dey tief, to dey do witchcraft, to dey kill, or to dey follow anoda pesin husband or wife. You fit be like dis pesin. Na good tin to regret sometin bad wey you don do. But di chance sey you go do di tin again dey high becos your old self wey you carry come world still dey. Your old self go still dey, until Jesus Christ don wash your sin comot, and you get identity wey new from Baba-God. Bible tell us about one man wey



hin name be Jacob. Jacob begin live hin life as pesin wey dey tief, wey dey tok lie. Na ogbonge wayo-pesin e be, dat time. Peace, e no get! How pesin go get peace for dis kain life wey e dey live? Naim one day like dat, Baba-God visit Jacob, con give am identity wey new (Genesis 32:27-30). Plenti blessing wey bi Jacob own true-true follow di identity come.

Baba-God wan make you get sharp mind and character wey fine well-well, becos e create you in hin own image. E fit give you identity wey new, even wit di bad tins wey you do. But you must repent from di bad tins, and find relationship wit hin Son, Jesus Christ first. Christ die on top Cross of Calvary to pay for everi human being sin. Di blood e shed on top Cross dey wash everi kain sin



*If dis Tract don bless you, make you share am give anoda pesin.*

**DIVINE LITERATURE INTERNATIONAL**

*~ We dey Spread di Gospel Everiwhere for World*

**www.divineliterature.org**
**www.doveletters.org**

Divine Literature International, na im write dis tract. We dey share am give pipo for free as di Lord dey bless us. *Dis tract no be for sale. Make you please write tell us for our website if pesin dey try sell am to you.

©Divine Literature International 2023



Identity Wey New

Wetin pesin dey do everi time go become habit, and na di habit go form di pesin character. Plenti pipo wan dem life to change. Dem no wan make oda pipo connect dem wit di bad character wey dem don get. Make we take for example: Pesin fit no wan continue to dey drink any-how, to dey take gbana and oda drug, to dey tok lie, to dey tief, to dey do witchcraft, to dey kill, or to dey follow anoda pesin husband or wife. You fit be like dis pesin. Na good tin to regret sometin bad wey you don do. But di chance sey you go do di tin again dey high becos your old self wey you carry come world still dey. Your old self go still dey, until Jesus Christ don wash your sin comot, and you get identity wey new from Baba-God. Bible tell us about one man wey

2

hin name be Jacob. Jacob begin live hin life as pesin wey dey tief, wey dey tok lie. Na ogbonge wayo-pesin e be, dat time. Peace, e no get! How pesin go get peace for dis kain life wey e dey live? Naim one day like dat, Baba-God visit Jacob, con give am identity wey new (Genesis 32:27-30). Plenti blessing wey bi Jacob own true-true follow di identity come.

Baba-God wan make you get sharp mind and character wey fine well-well, becos e create you in hin own image. E fit give you identity wey new, even wit di bad tins wey you do. But you must repent from di bad tins, and find relationship wit hin Son, Jesus Christ first. Christ die on top Cross of Calvary to pay for everi human being sin. Di blood e shed on top Cross dey wash everi kain sin

3

comot. E mean sey, afta you don receive am as Lord and Saviour, you go get forgiveness wey complete, for all di sin wey dey your bodi. Wen you don enta relationship wit Jesus Christ, di Holy Spirit go begin dey live inside you (Ephesians 1:13-14) - you don get identity wey new from Baba-God be dat, becos pesin wey don receive Jesus Christ don become new pesin. Hin old life no dey again; na new life e dey live now (2 Corinthians 5:17).

No be by human power pesin dey get character wey fine well-well to live clean life wey God want. Na Holy Spirit dey build am inside pesin. You no get power to stop to dey commit sin if di Holy Spirit no dey wit you.

You no dey for earth by accident. Baba-God create you to do wonders wey dey hin mind for you (Genesis



1:27-28, Ephesians 2:10). Make you rise; con start to dey shine! Receive Christ now, so dat you go begin dey do all di tins wey you come earth come do. Wetin you dey wait for? Receive am now!

**How Pesin fit Receive Jesus Christ Today?**

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.



4. Con bow your head tok dis prayer:

*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).



**Wetin Pesin Go Do Next?**

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our websites (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!



comot. E mean sey, afta you don receive am as Lord and Saviour, you go get forgiveness wey complete, for all di sin wey dey your bodi. Wen you don enta relationship wit Jesus Christ, di Holy Spirit go begin dey live inside you (Ephesians 1:13-14) - you don get identity wey new from Baba-God be dat, becos pesin wey don receive Jesus Christ don become new pesin. Hin old life no dey again; na new life e dey live now (2 Corinthians 5:17).

No be by human power pesin dey get character wey fine well-well to live clean life wey God want. Na Holy Spirit dey build am inside pesin. You no get power to stop to dey commit sin if di Holy Spirit no dey wit you.

You no dey for earth by accident. Baba-God create you to do wonders wey dey hin mind for you (Genesis

4

1:27-28, Ephesians 2:10). Make you rise; con start to dey shine! Receive Christ now, so dat you go begin dey do all di tins wey you come earth come do. Wetin you dey wait for? Receive am now!

**How Pesin fit Receive Jesus Christ Today?**

Bible tok sey, if you use your mouth confess sey Jesus Christ na Lord, and you believe for your heart sey Baba-God raise am from di dead, you go dey saved (Romans 10:9).

1. Make you agree sey you be sinner.
2. Make you dey ready to turn from your sin.
3. Make you believe for your heart sey Jesus Christ die for your sin on top Cross and rise from di dead.

5

4. Con bow your head tok dis prayer:

*Dear God, I confess sey I be sinner. I dey sorry. Please, make You forgive me. I wan stop to dey live dis kain life wey dey wit sin. I believe sey Your Son, Jesus die for my sin, You raise am from di dead, and e dey alive. I confess sey Jesus Christ na my Lord and Saviour, and invite am to begin dey reign for my heart from today. Jesus, I thank You, becos as You bin die for my sin so, I don get forgiveness and life wey no dey end. Amen.*

If you don pray like dis wit all your mind, we rejoice wit you becos you don become Baba-God pikin now (John 1:12-13).

6

**Wetin Pesin Go Do Next?**

E dey important make you begin dey live life wey holy afta you don dey saved. Make you get one Bible and begin dey read am everi day. Everitin you suppose know about Baba-God, hin plan for you, and how you suppose live di kain life wey go make am happy dey inside Bible. Find one church or fellowship wey believe Bible for di area wia you dey live, wia dem go give you teaching wey go epp you grow inside Christ. Begin dey go there kwik-kwik, and plan to dey go everi time. You fit write tell us about di new life wey you don get, for our websites (Divine Literature International or Dove Letter Zone). Make you check oda free materials for there wey fit epp you. Welcome to Baba-God family, friend!

7